

## ÆРДХУАРДЗИЙНАДÆЙ УÆЗЗАУДÆР УАРГЪ НÆЙЙЕС – АЙДАГЪДÆР ÆЙ ХУАРЗ АДÆЙМАГ ФÆРАЗУЙ!..

***Еугонд Нациты Организаци 2011 анзи 3 майи иснисан кодта хæлардзийнади Æхсæнадæмон бон, кæци уæдæй ардæмæ бæрæггонд цæуй алли анз дæр 30 июли. Æ нисан бæлвурд æй – адæмти бон кæрæдзей балæдæрун ку исуа, уæд син еумæйаг рæстуодæй архайдæй бантæсдзæнæй нæ дуйне цæрунæн фæххуæздæр кæнун, нæ абони берæ фидбилизтæй фæййервæзун. Бæрæгбони фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 6-аг фарсбæл.***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№27 (808) 2021 анзи 28 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман




# ÆВАДУАТ РÆСТÆГИ ФУЛДÆР СÆРИЗУНД БÆРГÆ ГЪÆУЙ...

Аци минкъий кизгæ ходуй, е мгæрттæй укол кæмæн кæнунцæ, етæ сæхе куд дарунцæ, уобæл. Æма ци зæгъдзæнæ – сабий æй æма, еци мадзал син пайда ке ‘й, уой фæрци кæцидæр незтæй, æдасгонд ке цæунцæ, уой, æвæдзи, æнхæст нæма лæдæруй. Уоми дессагæй неци ес, дессаг е æй, æма ни абони беретæ ке нæ лæдæрунцæ, нури эпидемиологон уавæр цæйбæрцæбæл тæссаг æй æма си нæхе гъæугæ хузи ку нæ багъæуай кæнæн, уæд нин нæ æнæмæтæдзийнадæ цæйбæрцæбæл æверхъаудзийнæдтæ расайдзæнæй, уой. Уæхе исæдас кæнетæ, зæгъгæ, ни еудадзуг еци корæги ке корунцæ, е нæмæ ходæгау кæсуй. Æма, зæгъæн, æхсæнадон транспорти цæугæй беретæбæл фæууиндзинайтæ маскитæ? Дæс-финддæс адæймагемæй еу кенæ дууебæл. Мадта тукæнтти дæр, хъæбæр берæ адæм си уогæй, маскитæ ба ефстæгтæй уæлдай некæбæл фæууиндзæнæ.

Уотемæй ба си, æвæдзи, разиндзæнæй коронавирусæй сæйгæ ка ‘й, уæхæнттæ дæр. Тæрсун неке кæнæн, фал нæ фидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Худт кæунмæ расайун дæр зонуй...»

Эпидемиологон уавæр нæмæ нерæнгæ ма сагъæссаг æй, æма нæ республики разамунди ‘рдигæй еугур гъæугæ мадзæлттæ арæзт цæуй еци тæссаг нези нихмæ, цæмæй си адæм, гæнæн æма амал куд ес, уотæ æдасгонд цæуонцæ. Етæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ еудадзуг æ цæстæ даруй сæрмагонд оперативон штаб, уой æмбурдти бæлвурд æрдзубанди кæнунцæ коронавируси нихмæ архайди хæццæ баст еугур фарстатæбæл.

Æрæги уæхæн æмбурд, амудта ‘й нæ республики Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймораз**, рацудæй видеоконференций хузи. Исæвзургæ уавæрти республики медицинон косæндæнттæ куд архайунцæ, уой туххæй адтæй æ радзубанди æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тебиати Сосланæн.**

3

## ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

**ГАЗЕТ 2021 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 357 СОМИ 36 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 315 СОМИ 90 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

## БÆРÆГБОН



# ИРИСТОНИ ДЕНГИЗОН НАМУС

Зундгонд куд æй, уотемæй Уæрæсей император Александр III кæддæр уотæ загъта: «Æнæгъæнæ дуйней махæн ес айдагъдæр дууæ æуууæнкгин æмцæдесони – не ’фсад æма нæ флот!.. Æма уомæй, æвæдзи, раст адтæй, уомæн æма Уæрæсейæн разамунд кæддæриддæр ка лæвардта, етæ уæлдай устур æргом æздахтонцæ фидибæстон флот аразуни гъуддæгутæмæ.

Æма уæрæсейаг флот иссæй дуйней тæккæ тухгиндæртæй. Нæ бæсти Тугъдон-Денгизон Туруса æ фæззиннунæй фæстæмæ сæрустурæй феллаудта Сау, Балтий æма Зæнхастæуи денгизти.

4

## НОМЕРÆН



# ИМИСУЙНАГ НИН ÆЙ ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ...


**БАЛИКЪОТИ Тотраз**


Мæ мæскуйаг хуарз æрдхуарди хæццæ кæддæр уоми киунугæдæнттæй еуемæ бацудан, нæ дууей дæр цидæр æрмæгутæ гъудæй æма уони фæдбæл. Нæ хабæрттæ кодтан фæйнæ рауæнеми бадгæй. Уæд дин мæмæ еу афони ме ’рдхард ку æрбауайидæ æма мæмæ десгæнгæй ку бавдесидæ еу бæзгин киунугæ:

– Мæнæ кæсай, де ‘мзæнхони туххæй ци цæмæдессæгтæ финсунцæ!

Еци киунугæ, гъуди ма 'й кæнун, хундтæй «Боевой путь Советского Военно-Морского Флота». Дзубанди си цудæй нæ номдзуд зæнхон, денгизон тæхæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Цоколати Дмитрийи фурт Геннадийи туххæй дæр.

5


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

***Уæрæсей Хецауади унаффæй Цæгат Иристон æ гъæуон фæзуæтти райрæзтæн уæлæнхасæн райсдзæнæй 64,7 миллион соми. Етæ харзгонд æрцæудзæнæнцæ уонæми фæлладуадзæн рауæнтæ, сувæллæнтти гъазæн æма спортивон фæзти райрæзтбæл, нæдтæ цалцæг кæнун æма фæлгонцадон æндæр куститæбæл.***



# СÆДÆ БОНЕЙ ХАТДЗÆГТÆ ÆМА ИРИСТОНИ ИСОНИБОН

*Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей МЕНЯЙЛО æ нæуæг кусти бунати ку æрлæудтæй, уæдæй нурмæ рацудæй сæдæ бони. Кæд е берæ рæстæг нæй, уæддæр бал циуавæрдæр хатдзæгтæ искæнæн ес. Циуавæр? Уой фæдбæл Сергей МЕНЯЙЛО æрæги дзубанди кодта телекомпани «Осетия-Иристон»-и уацхæссæг ДЖИККАЙТИ Анни хæццæ.*



### РАГАЦАУМÆ ХАТДЗÆГТÆ

Сæдæ бонемæ ци исаразæн ес? Нур ба бал архайун, алли гъуддаг, алли къабази, алли хецæн кустуат ци уавæри ’й, уой базонунбæл. Берæ æнзти ами кæд нæ цардтæн, уæддæр мин Иристон æцæгæлон нæй. Мæ цæстæ имæ алкæддæр дардтон, æма агъаз кодтон республики раздæри Сæргълæууæгæн. Иристони лухкæнуйнаг фарстатæ берæ ес æма æнцæ аллихузи. Етæ æмбурд кодтонцæ дæсгай æнзти дæргъи. Æма уавæр айдагъ махмæ уæззау нæй, фал Уæрæсей иннæ регионти дæр. Фарстатæ кæмидæрти æнцæ фулдæр, кæмидæрти ба – минкъийдæр, е аразгæ ’й алли регионæн дæр æ экономики уавæрæй, географион бунат æма æндæртæй.

Цæгат Иристони экономикæ æй уæззау уавæри. Зæгъæн, берæ фарстатæ бамбурд æй цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради къабази. Еци уавæр никки карздæр исуй, æрдзон фидбилизтæ фæстеуугутæ ку расайунцæ, уæд. Зæрдæдзоруйнаг æнцæ, электрон тухæ, гъар дон ци хæтæлтæбæл цæуй, етæ сæ еугур дæр. Бустæги сагъæссаг ба – донуадзæнтæ. Нуриккон домæнтæн дзуапдæттæг кæдзосгæнæнтæ ес айдагъдæр Беслæни, иннæ сахарти, уой хæццæ, Дзæуæгигъæуи дæр, – нæ ’нцæ. Иннæ ахсгиаг фарста – адæми кæлæддзгаг хæдзæрттæй нæуæг цæрæнбунæттæмæ раййевун.

Фарстатæ ес ахуради къабази дæр. Нуртæккæ скъолати нæ фагæ кæнуй ахурдзаутæн 11 мин бунати, гъæугæ бунæттæ рагацау бæлвурд нимад ке не ’рцудæнцæ, уой фудæй. Уомæй уæлдай, Наукæ æма ахуради министради фудæй федералон программæмæ курдиадæ балæвардтан айдагъдæр дууæ скъолай нæмæ исаразуни туххæй. Кæд æма, зæгъæн, Цæцæни Республикæ балæвардта 20 скъолай исаразуни туххæй курдиадæ. Фал нин федералон хецауадæ, нæ уавæр лæдæргæй, курдиадæ бадæттуни æмгъуд раидарддæр кодта аци анзи декабрмæ.

Ке ранимадтон, уони фæдбæл республики Хецауадæн балæдæрун кодтон, ахуради, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, спорти къабæзтæ райаразуни фæдбæл программитæбæл бакосун ке гъæуй, уой. Иристон æй спортивон республикæ, дуйнеуон æмвæзадæбæл спортивон комплекс ба нæмæ нæййес. Футболи академи æма гъæбесæйхуæсти академийæй уæлдай нæмæ неци ес, етæ ба домунцæ бундорон райарæзт. Спорти федералон министри хæццæ нæ фембæлди хатдзæгтæмæ гæсгæ, нæуæг анз республики аразун райдайдзинан дууæ физкультурон-дзæбæхгæнæн комплекси.

Еудзурдæй, фарстатæ сæ еугур дæр æнцæ лæдæрд, байзадæй ма сæ ралух кæнун. Уомæн ба гъæуй фæрæзнитæ бюджети иссерун æма инвестиции æргом республикæмæ æрбаздахун. Уомæ гæсгæ нæ ихæс æй хæстæгдæр æртæ анземæ бюджетбæл программитæмæ гæсгæ бакосун. Уой фæдбæл ихæстæ нуриуæнгæ лæвæрд æрцудæнцæ.

### ХÆСТÆГДÆР НИСÆНТИ ТУХХÆЙ

Хæстæгдæр пълантæ ’нцæ, социалон, экономикон къабæзти уавæр нуртæккæ куд æй, уомæй æй дæлдæр не ’руадзун. Нури уæнгæ республикæ ци программитæ æнхæст кодта, уони гъæуй кæронмæ рахъæртун кæнун, уомæн æма сæ еуæй-еуетæн се ’нхæст кæнуни гъуддаг фæкъкъулумпи æй. Æма нæуæг анзи идарддæр нæуæг нисантæмæ цæуудзинан æма нæуæг программитæ æнхæст кæнун райдайдзинан.

Нуртæккæ каст цæуй, «Æригон бийнонтæн – цæрæнуат», зæгъгæ, аци программæ куд æнхæстгонд цæуй, уæдта, коммуналон лæггæдтæн феддонтæй гъæуон интеллегенцийæн компенсаци фист куд цæуй, уонæмæ.

Уомæй уæлдай, бакосун гъæуй æхсæнадон фæзуæттæ æма электрон тухи, дони хæтæлти уагæвæрди райарæзтбæл.

Фал æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабазæ райаразунæн, республики программæ цалинмæ фæззинна, уомæ æнгъæлмæ кæсæн нæбал ес. Дæнцæнæн æрхæсдзæнæн Фийнагдони пульмонологон сæйгæдонæ. Уомæн æ сæйраг дохтири ном хæссуй Грознай гъæунгтæй еу, уотемæй ба сæйгдони нæййес хуматæг нуриккон медицинон ефтонгæрзтæ. Цæмæй косунцæ, етæ сæмæ байзадæнцæ 60-аг, 70-аг æма 80-аг æнзтæй. Нæуугутæй сæ раййевунæн уотæ берæ æхца дæр нæ гъæуй (компьютерон томографи кой нæ кæнун) – айдагъдæр 23 миллион соми. Æма аци гъуддаг, æнæмæнгæ, æнхæстгонд æрцæудзæнæй.

Нæ размæ ка ес, иннæ еци устур ихæс æй, Цæгат Иристони экономикæ размæ ракæнунæн агъаз ка уодзæнæй, уæхæн закъонтæбæл бакосун. Етæ баст æнцæ инвестортæн республики зæрдæмæдзæугæ уавæртæ аразуни хæццæ, инвестпроекттæ къабæзтæмæ гæсгæ нидхтæ кæнуни хæццæ, промышленности райрæзти Фонди уод бауадзуни хæццæ, уомæн æма е нуртæккæ ’й айдагъдæр гæгъæдитæбæл финст, æма уотæ идарддæр. Аци фонд æцæг куст кæнун цæмæй райдайа, уобæл бадзубанди кодтан федералон министради хæццæ. Кустуæттæн е æй агъази замаæй фæрæзнæ, зæгъæн, гъæугæ техникæ балхæнунæн. Фал Фонди гæнæнтæй пайда неке кодта, уомæн æма, ка ин æ кой игъосгæ дæр нæ фæккодта, ка ба æнгъæл адтæй, кредиттæ дæттунæй уæлдай æндæр неци пайда æй.

Махмæ ес, сæ продукци æндæр рауæнтæмæ ка ’рветуй, уæхæн кустуæттæ, етæ æмгуст кæнунцæ, агъаз ка кæнуй, еци Росэкспоцентри хæццæ. Минкъий финанстæ дæттуни фонд дæр агъаз кæнунмæ цæттæ ’й. Размæ ракæнуйнаг æй банкти уагæвæрд дæр. Еугур аци мадзæлттæ еумæйагæй экономикæн уодзæнæнцæ хъæбæр агъаз.

### ИДАРД ÆМГЪУДМÆ ПРОГРАММÆ

Еци программи нисан æй республикæ исæвæрун размæцуди федар надбæл. Аци гъуддаги нерæнгæ бал хъор кæнуй ковид. Фал промышленности, гъæуон хæдзаради ирæзт уæддæр ес. Сæ бæрæггæнæнтæ ба бал æздæхунцæ, эпидемий размæ куд адтæнцæ, уомæ.

### ТУРИЗМИ РАЙРÆЗТ

Аци къабази дæр иннæ рауæнти хузæн, уагæвæрд ку нæ уа, уæд ин размæ ракæнæн нæ уодзæнæй. Туристтæ республикæмæ фулдæр цæун ке райдæдтонцæ, е туризми Комитети кусти хæццæ баст нециуавæр хузи æй. Уотемæй ба е гъæуама уа разæнгардгæнæг æма æнхæст кæна, хецæн минкъий фирмитæ ци куст кæнунцæ, уой. Гъæуй исаразун маршруттæн æвдесæндартæ, туристи еумæйаг билет.

«Мамисон»-мæ над æма тъунел æнцæ цæттæ. Фæззæги райдайдзæнæнцæ курортæн æ арæзтадон куститæ. Еугуремæй сæйрагдæр æй, цæмæй республикæ бацæуа национ проектмæ. Уомæн нæмæ ес еугур гæнæнтæ дæр.

### ÆМГУСТАДИ АГЪАЗ

Æмгустатæбæл бадзубанди кодтон Уæрæсей Æфснайæн банки хæццæ. Е ци программитæ æнхæст кæнуй, уонæмæ гæсгæ республики арæзт æрцæудзæнæй дууæ нуриккондæр скъолай. Программитæй еуей фæрци райарæзæн ес транспорти къабазæ дæр. Махмæ нуртæккæ ес, цæстдард кæмæ нæййес, уæхæн комерцион æма социалон маршруттæ. Косунцæ, ке куд фæндуй, уотæ. Каст нæ цæуй тарифтæмæ дæр.

Иннæ ахсгиаг фарста – сахар Дзæуæгигъæуи æма республики сахарти ’хсæн цæуæг транспорт баййевун, иснæуæг æй кæнун. Райдæдтан бал трамвайтæй. Хецæн къохтæмæ ка бахаудтæй, еци депо бал æрбаздахтан сахари есбонмæ, хæстæгдæр рæстæг сахари есбонмæ æрбаздæхдзæнæнцæ хизæгтæ æма, еци хизæгтæмæ электрон тухæ кæцæй цæуй, еци дæлстанцитæ дæр. Фæззиндзæнæй нæмæ 45 нæуæг трамвайи, æцæг райаразун гъæудзæнæй, еци вагæнттæ ци нæдтæбæл цæудзæнæнцæ, уони.

### РАХАСТДЗИЙНÆДТÆ – ФЕДЕРАЛОН РАЗАМУНДИ ХÆЦЦÆ

Еци рахастдзийнæдти нисан æй республики фарстатæ лух кæнун. Федералон Хецауади хæццæ æмгустади фæрци апърелæй фæстæмæ республикæн уæлæнхасæн лæвæрд æрцудæй 1 миллиард 800 миллион соми. Уонæй миллиард æма æрдæг – инфраструктурон объекттæ аразунæн. Зæрдæ ма нин байвардтонцæ 180 миллион сомемæй, уæдта ма никкидæр 600 миллиони раттуни фарстамæ æркæсдзæнæнцæ.

Аци куст цæудзæнæй идарддæр дæр. Нæ еунæг курдиадæн дæр федералон хецауадæ «нæ» нæ загъта. Нури уæнгæ Цæгат Иристон мæ курдиæдтæмæ гæсгæ бабæрæг кодтонцæ хецауади федералон оргæнти цалдæр разамонæги, æма уæхæн косæг балцитæ идарддæр дæр уодзæнæй.

### РЕСПУБЛИКИ ХЕЦАУАДИ ТУХХÆЙ

Республики нури Хецауадæ æ размæ æвæрд нисантæн æнхæстæй дзуапп нæ дæттуй мæнмæ гæсгæ, æма имæ каст æрцæудзæнæй. Зæгъæн, ес нæмæ Транспорти министрадæ æма нæдти хæдзаради Комитет. Æма си нæдти уавæри кенæ ба транспорти кусти туххæй адæймаг ке бафæрса? Вице-премьертæй дæр ка ци куст кæнуй, е бустæги бæрæг нæй. Æ ихæстæ æмхузон кæмæн уонцæ, уæхæн структуритæ Хецауади гъæуама уа.

7

Æфсæнвæндаги косæги Бон нимад æй Уæрæсей тæккæ фиццагдæр профессионалон бæрæгбæнттæй еуебæл. Иснисан æй кодтонцæ 1896 анзи æма 1917 анзи уæнгæ ’й бæрæг кодтонцæ 25 июни, 1940 анзæй абони уæнгæ ба – августи фиццаг хуцаубони (аци анз – 1 августи).

*Адæмæн фæдзæхстадон медицинон лæггæдтæ кæнунæн, уæдта æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази идарддæри районтæн федералон центр Цæгат Иристонæн уæлæнхасæн радех кæндзæнæй 290 миллион соми. Уой фæрци фæззиндзæнæй никки хуæздæр равгитæ сæйгæ адæмæн медицинон лæггæдтæ гъæугæ хузи æнхæст кæнунæн.*






# ÆВАДУАТ РÆСТÆГИ ФУЛДÆР СÆРИЗУНД БÆРГÆ ГЪÆУЙ...

1 Тебиати Сосланæн куд загъта, уотемæй, ведомстви разамонæги дзубандимæ гæсгæ, коронавирусæй сæйгитæн ци медицинон косæндæнттæ бацæттæ кодтонцæ, уонæми нуртæккæ дохтирти бæрни ес 586 адæймаги. Еци хайæдти никкидæр ма ес 127 уæгъдæ бунати. Уой хæццæ сæйгити нимæдзæ еуцæйдæрбæрцæ ке исирæзтæй, еци æууæл лæдæргæй, «ковид»-госпитæли кусти фæткæмæ райийвтонцæ Цæгат Иристони паддзахадон медицинон академий сæйгæдонæ дæр – уоми идарддæр дзæбæх кæндзæнæнцæ, сæ уавæр хуæздæрæрдæмæ æййевун кæмæн райдæдта, еци адæми. Уомæй уæлдай, багъæуаги сахатти испайда кæндзæнæнцæ Горæтгæрон районы центрон сæйгæдони фадуæттæй дæр – уоми коронавирусæй сæйгитæн иснисан кодтонцæ 70 бунати. Уæхæн уæлæнхасæн бунæттæ уодзæнæнцæ эндокринологон æма бауæри незти диспансерти дæр.

Министр куд фæббæрæг кодта, уотемæй бæлвурд фæтки бундорбæл идарддæр æнхæстгонд цæуй дзиллон вакцинаци. Тебий-фурти дзубандимæ гæсгæ, еци мадзали абони уæнгæ архайдтонцæ 98 мин адæймагемæй фулдæр. Сæрмагонд лабораторитæ дæр еудадзугон фæткæмæ гæсгæ æнхæст кæнунцæ коронавируси тесттæ. Пандемийи райдайæнæй нурмæ медицинон косæндæнттæ искодтонцæ 597 мин уæхæн тестæй фулдæр.

Вакцинаций мадзæлттæбæл дзоргæй социалон ирæзти министр **Хубиати Барис** куд фæннисан кодта, уотемæй ведомствæ Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади хæццæ еумæ рохситауæн куст кæнуй хестæр фæлтæри минæвæртти ‘хсæн, каргун адæмæн амонуй иммунизаций пайдатæ. Министри дзубандимæ гæсгæ, хестæр кари фæлтæри минæвæрттæй абони уæнгæ вакцинаций архайдтонцæ 40 мин адæймагемæй фулдæр. Еци куст идарддæр цæуй.

Дзиллон вакцинаций туххæй дзоргæй, уой дæр зæгъун гъæуй æма нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** æрæги хецауадон æмбурди еуеми хъæбæр карзæй бафæдзахста:

– Вакцинаций цуди фæткæмæ, уæдта сæрмагонд сертификаттæ дæттуни гъуддагмæ цæстдард гъæуама уа тæккæ бæрзонддæр æмвæзадæбæл. Уагæвæрд æма закъони ихæлдтитæ кæми рабæрæг уа, уоми ба гъæуама фудгинтæ карз æфхуæрд цæуонцæ.

Æма уотæ карзæй хумæтæги нæ бафæдзахста: разиндтæй нæмæ, гъулæггагæн, уæхæн æдзæсгæнттæ, кæцитæ абони тухст уавæртæй дæр сæхе рамулкгин кæнунæй нæ бафсæрми кодтонцæ. Цæгат Иристони медгъуддæгути министради экономикон æдасдзийнади управлений косгутæ куд раргом кодтонцæ, уотемæй нæ республики медицинон косæндæнттæй еуей косгутæй кадæртæ сæрмагонд сертификаттæ уæйæ кодтонцæ, вакцинаци ка нæ рацудæй, фал уæхæн гæгъæди ке гъудæй, уонæн. Гъуддагмæ каст цæуй, æма еци цаути æцæгдзийнадæ ку исбæлвурд уа, уæд æфхуæрд баййафдзæнæнцæ, сертификаттæ ка рауæйæ кодта, уæдта сæ ка балхæдта, етæ дæр.

Раст зæгъгæй, фæстаг бæнтти, нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæ куд игъосун кæнуй, уотемæй фæффулдæр æй, вакцинаци искæнунмæ е ‘ргом ка раздахта, еци адæми нимæдзæ – иммунизаций мадзали архайæг иссæнцæ еу æма фондзинсæй мин адæймаги (уонæй фараст æма æртинсæй адæймагемæн искодтонцæ вакцинаций дуккаг хай дæр).

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма, вакцинаци кæми кæнунцæ, еци пункттæмæ æрбацæуæг адæми нимæдзæ кæд фулдæрæй-фулдæр кæнуй, уæддæр си хуастæ фагæ кæнуй. Зæгъæн, æрæги бабæй нæ республикæмæ исластонцæ, «Спутник-V» ке хонунцæ, еци вакцини еума парти – ци 8100 комплекти си адтæй, уони байурстонцæ вакцинацигæнæн пунктæбæл.

Специалисттæ куд зæгъунцæ, уотемæй хестæр кари адæмæн се ‘ргом фулдæр раздахун гъæуй иммунизацимæ. Уæлдайдæр ба сæкæринез, астмæ æма æндæр хроникон незтæ ке гъигæдарунцæ, уони, уомæн æма коронавирусæй фæссæйгæ уогæй, еци адæм бахаунцæ уæлдай уæззаудæр уавæри.

*...Нæ абони радзубандий ба ма уин уæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзинан нæ фидтæлтиккон зундамонæн загъд: «Æвадуат рæстæги фулдæр зунд гъæуй!..» Абони ба рæстæг гъе уæхæн æвадуат æй, уомæ гæсгæ ба нæмæ фулдæр зунд разиннæд æма нæхуæдтæ нæхе багъæуай кæнæн фуднези бæлахæй.*

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ.***

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..

*Ялти конференци ку цудæй (1945 анзи 4-11 февралий), уæд, дан, рæфтадбæл уолæфуни рæстæг Черчилль, Рузвельт æма Сталин уоми дзæхæрадони рацо-бацо кодтонцæ æма кæрæдземæн алли хабæрттæ кодтонцæ. Цæмæдæр гæсгæ сæ дзубанди рахизтæй, ка ци фун фæууидта, уомæ.*



*– Æзинæ æз мæ фуни исдæн æнæгъæнæ зæнхи хецау, – загъта Черчилль.*

*– Æз ба уæхæн фун фæууидтон, цума исдæн дундуйнети паддзах, – загъта Рузвельт. – Ду ба ци фун фæууидтай, маршæл Сталин?*

*– Æз дæр фæууидтон фун, – иннæ хæттити хузæн еци уæзбунæй дзуапп равардта Сталин. – Цума уæ еуемæн дæр еци бунæттæ байахæссуни барæ нæ равардтон.*

***

Черчиль æма Рузвельт, ци адтæнцæ, уомæй агъазиаудæр бунæттæмæ уæддæр сæ фунти ке бæлдтæнцæ, уоми дессагæй неци ес – цæйбæрцæбæл лæгигъæдгун адтæнцæ, уомæ гæсгæ сæ балæдæрун æнгъезуй. Дессаг ба е æй, æма, кæми ци нецæййæгтæ ес, етæ хецауеуæггæнæн бунæттæн сæ тæккæ барæуадзитæмæ ке гъавунцæ, е. Уой дæр уотид сæ фунти нæ, фал игъалæй. Æма син æнтæсгæ дæр кæнуй. Æцæг син еу цидæр ба нæ фентæсуй – ци гъуддаги сæргъи æрлæуунцæ, уомæн æгириддæр неци фæллæдæрунцæ, уомæ гæсгæ си зæранæй уæлдай пайда ба бустæгидæр нæ фæууй. Уой фæдбæл уин ракæндзинан цалдæр хабари.



**Дмитрий РОГОЗИН, «Роскосмос»-и сæргълæууæг: «Мæ зæрдæ дарун, ескæд мах олигархтæ дæр райдайдзæнæнцæ, се ’хцатæ еума яхтитæбæл нæ, фал космосон технологити райрæзтбæл харз кæнун...»**

«Роскосмос»-æн паддзахади ’рдигæй ци берæ æхцатæ дехгонд цæунцæ, кæд етæ нæ фагæ кæнунцæ, уæд сæ цæмæн харз кæнунцæ космоси аййевадон кинонивтæ есунбæл æма, космос æсгаруни хабæрттæмæ æгириддæр ка неци барæ даруй, уæхæн гъуддæгутæбæл. Мæнæ æрæги куд райгъустæй, уотемæй орбиталон станци нæ космонавттæмæ ци скафандртæ ес, етæ нæбал бæззунцæ игон космосмæ рацæунæн. Нурик-кондæр скафандртæ фæййамал кæнунæн ба, дан, æхца нæййес. Æма уæд хуæздæр нæ уидæ, Рогозинæн æхе æнæ скафандрæй космосмæ рарветун?



**Антон СИЛУАНОВ, Уæрæсей финансти министр, адæмæн агъаз кæнуни туххæй æ хорнигулæйнаг æмгустгæнгутæн: «Кризиси нихмæ мадзæлттæ дæргъвæтийнæ дарундзийнади расайдзæнæй уой, æма экономикæ æгæр ку истæвдæ уа...»**

Æцæгæйдæр уотæ уодзæнæй æви нæ, уобæл нæ дзордзинан. Фал абони ба бæлвурдæй-бæлвурддæр æй, æма нæ паддзахади финансон есбонадæбæл, ке къохтæ имæ куд хъæртунцæ, уотæ хæлæйфаг кæнуй. Æма уой фудæй ба нæ экономикæ уотид нæ тæвдæ кæнуй, фал цъæхарт уадзуй. Æма еци арти инодгæнæг хъуæци æсмаг финансти министри æсмотæнтæмæ нæ хъæртуй?..



**Эллæ ПАНФИЛОВА, Уæрæсей Централон æвзарæн къамиси сæргълæууæг: Æнæмæнгæ Кащейи туххæй аргъауи судзийнæмæ куд хъæбæр зин бахъæртæн адтæй, уотæ ’й нури гъæлæсгæнæн бюллетен дæр – арæзт æрцудæй æ багъæуай кæнуни æма цæстдарди туххæй æдасдзийнади цалдæр къæпхæни. Бавналæн имæ нæййес...»**

Гъа, бюллетени барæ ес, цийфæнди дæр уæд. Фал сагъæссаг ба е æй, æма уой фæрци ци депутаттæ æвзурст æрцæунцæ, етæ дæр се ’взаргутæй уæхæн «гъæуайгæнæн мадзæлттæй» исæдас унцæ, æма сæмæ хумæтæг адæми сагъæстæ, тухстдзийнæдтæ хъæртгæ дæр, игъусгæ дæр нæбал фæккæнунцæ. Æви «адæми лæггадгæнгути» фæндгæ дæр уотæ кæнуй – се ’взаргутæй æдас, идард ун?

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ÆВÆЛМОН ЦЪЕУ ТÆХУНМÆ ЗИЙНАДÆ КÆНУЙ!..



**49%**
**фулдæр, æвæдзи, хуарз цæстæй**

**5%**
**нæ зонун, ци зæгъон**

Вакцинаци искæнуни гъуддаги фæдбæл дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæн Еугуруæрæсеуон Центри æртасгутæ уæрæсейæгтæй ке бафарстонцæ, уонæн се ‘мбес (49%) æнцæ уой фарс, цæмæй, лæггæдти къабæзти ка косуй, уонæн уæддæр сæ 60% æнæмæнгæ гъæуама искæнонцæ еци прививкæ. Æрфарсти ка архайдта, уонæн сæ фулдæр (56%) уотæ гъуди кæнунцæ, æма еци мадзал гъæугæ ‘й нури эпидемиологон уавæрмæ гæсгæ. Уонæй алли дуккаг (52%) уотæ нимайуй, æма уой фæрци инфекци фæххæлеу уни нихмæ гæрæн æвæрд æрцæудзæнæй. Уой хæццæ ба ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма вакцинаций нихмæ дзоргутæн сæ фулдæр æнцæ Мæску æма Санкт-Петербурги цæргутæ. Вакцинаций фарс дзоргутæ ба фулдæр разиндтæнцæ, сæдæ мин адæймагей уæнгæ кæми цæруй, еци сахарти.

Аци нимæдзæбæл сагъæс кæнгæй, зæрдæбæл æрбалæууй рагфидтæлтиккон загъд: «Æвæлмон цъеу тæхунмæ зийнадæ кæнуй...» Кæд æма вакцинаци æнæмæнгæ кæнуйнаг æй, æнæ уомæй коронавируси фудрунтæй фæййервæзунæн нерæнгæ æндæр равгæ нæййес, уæд ма цæмæ ‘й каст?



**30%**
**фулдæр, æвæдзи, нæгæнгæй**

**16%**
**фулдæр, æвæдзи, уæлдай мин нæй**

**Зундгонд рохситауæг Цæликкати Александри астæуккаг кизгæ Елени райгурдбæл 27 июли исæнхæст æй дæс æма авдинсæй анзи (1871-1946). Уой фæрци гъæуайгонд æрцудæнцæ Хетæгкати Къостай финстæгутæ, Къостай конд æ хуæрæ Анни хузæ, ниффинста имисуйнæгтæ поэти туххæй.**

***Нæ Фидибæсти Тугъдон-денгизон флоти бæрæгбони фæдбæл паради нæ бæсти Президент В. ПУТИН загъта: «Уæрæсе хъæбæр цубур рæстæгмæ æхе аккаг бунат ниййахæста дуйней раздзæуæгдæр денгизон паддзахæдти нимæдзи, рацудæй агъазиауæй-агъазиаудæр над Петри хумæтæги бæлæгъæй ба форди итигъдади тухгин наути æма ракетон атæмон дæл-***


Юрий БУНИМОВИЧ


ГАГИТИ Александр


КЪЕСАТИ Астан


Илья КОТОВ


КОЦТИ Константин


Григорий ПАСЫНКОВ


Аркадий СЕЛЮТИН


ГОКЪИНАТИ Виктор


ЦÆЛЛАГТИ Пантелей

# ИРИСТОНИ ДЕНГИЗОН НАМУС





Уæрæсей Тугъдон-денгизон флоти Бони Сергей МЕНЯЙЛО бабæрæг кодта, тугъди рæстæги Суаргоми немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъдтити ка фæммард æй, еци советон тугъдонти номерæн мемориал.

1 Советон Цæдеси Тугъдон-денгизон флот е 'нæбасæтгæ тухгиндзийнадæ уæлдай агъазиауæй бавдиста Устур Фидибæстон тугъди рæстæг. Немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ карз тохи нæ денгизонтæ равдистонцæ дзиллон бæгъатæрдзийнадæ æма æхсардзийнадæ. Советон денгизонтæ цифуддæр знаги дæрæн кодтонцæ айдагъ денгизти нæ, фал ма саууæнгæ сор зæнхæбæл дæр. Немуцаг-фашистон æфсæддонтæ кæд ескæмæй тарстæнцæ, уæд нæ денгизон фестæгæфсæддонтæй – сæ удесæг си уидтонцæ, уомæн æма сæ нихмæ æрлæууун сæ бон нæ адтæй, уоййасæбæл тухгин æма удуæлдайæй архайдтонцæ сурхæфсæддонтæ.

Сæ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй 600 денгизоней бæрцæ иссæнцæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæ (авд денгизони аци кадгин ном райстонцæ дууæ хатти), 350 минæй фулдæр хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ ордентæ æма майдантæй, 238 науи æма флоти æфсæддон хаййемæн равардтонцæ ордентæ, 78 ба исаккаг кодтонцæ гвардиони ном.

Нæ Фидибæстæ алкæддæр хъæбæр цитгинæй уæлдай боц кодта æ Тугъдон-денгизон флот. Уомæн æвдесæн æй е дæр, æма ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиум æ Указæй 1980 анзи 1 октябри иснисан кодта сæрмагонд бæрæгбон, кæци уæдæй ардæмæ бæрæггонд цæуй алли анз дæр июли фæстаг хуцаубони. Аци анз еци бæрæгбон бæрæгонд æрцудæй 25 июли куд æнæгъæнæ Уæрæсей, уотæ Цæгат Иристони дæр. Уомæн æма нæ республики минæвæрттæ дæр уæрæсейаг Флоти рæнгъити берæ агъазиау лæгдзийнæдтæй фескъуæлхтæнцæ.

Уæлдайдæр ба Устур Фидибæстон тугъди рæстæг. Иристойнæгтæ уæд уæлдай устурдæр æскъуæлхтдзийнæдтæ ке равдистонцæ, уой туххæй Советон Цæдеси Бæгъатæри цитгин ном лæвæрд æрцудæй денгизон разамонгутæ **Къесати Астан** æма **Коцти Константинæн**, денгизон тæхгутæ **Юрий Бунимович**, **Гагити Александр, Илья Котов, Аркадий Селютин, Григорий Пасынков, Цоколати Геннадийæн** (уой туххæй æрмæг кæсетæ 5-аг фарсбæл).

Тугъдон-денгизон флоти рæнгъити фæууогæй си фæлтæрддзийнадæ ка райста, етæ сабур, æнæфсæддон царди дæр уæлдай лæгигъæдгундæр фæуунцæ. Зæгъæн, **Хугати Шобинай фурт Хазби** тугъди рæстæг знаги нихмæ тох кодта 154-аг хецæн денгизон бригади уогæй Сталингради фронти. 1943 анзи уæззау цæф фæцæй æма ин тугъди архайуни равгæ нæбал адтæй. Æ фидиуæзæгмæ исæздæхгæй куста бæрнон партион æма æндæр бунæтти, иссæй искурдиадæгин гъæууонхæдзарадон разамонæг, Мæздæги райони разамунд лæвардта цалдæр колхоземæн. Е 'нтæстгин кусти туххæй ин лæвæрд æрцудæй Социалистон Фæллойни Бæгъатæри ном. Æ ном лæвæрд æрцудæй гъæунгтæн Мæздæги æма гъæу Веселойи.

Тугъди дзамани дзæуæгигъæуккаг лæхъуæн капитан-лейтенант **Павел Кузьмин** Балтиаг флоти службæ кодта донибунтицæуæг Щ-408 науи командирæй. Денгизонтæ «Щука» ке схудтонцæ, еци Щ-408 1943 анзи майи Кронштадти науæлæууæнæй тугъдон ихæслæвæрд æнхæст кæнунмæ рандæй. Минити сæрти рахезгæй, советон науæ маяк Вайндвомæ хæстæг итигъд денгизмæ рацудæй. Знаги наутæ æма хуæдтæхгутæ Щ-408 иссирдтонцæ, æма 'й сорун райдæдтонцæ. Æртæ суткей дæргъи советон науæн дони бунæй уæлæмæ иссæууни фадуат нæ адтæй. Науи электрон тухæ æма кислороди æвæрæнтæ ку фæцæнцæ, æма си адæмæн сæ бон уолæфун ку нæбал адтæй, уæд «Щука» дони уæлцъарæмæ иссудæй. Фашисттæ æнгъæл адтæнцæ, æма син советон денгизонтæ сæхе раттунмæ гъавунцæ, фал науи флагштокбæл уорси бæсти фæззиндтæй советон Тугъдон-денгизон туруса. Нæ денгизонти æма фашистти 'хсæн карз тох байеудагъ æй. Кузьмини науæн бантæстæй знаги дууæ катери фæддæлдон кæнун, фал цалдæр фашистон торпеди кæбæл исæмбалдæй, еци Щ-408 дæр æд экипаж дони буни фæцæй. Тугъдон науи таурæхъон æскъуæлхтдзийнади кадæн Петербурги гъæунгтæй еу хæссуй Павел Кузьмини ном.

Дуккаг къæпхæни капитан **Хуадонти Сулейман** тугъди архайун байдæдта 1941 анзи 22 июни. Намусгин æрдæгсакъадах Ханкой-Гангути денгизонтæ, æверхъау тугъдтити бацæугæй, фондз мæйей дæргъи знагæн хастонцæ агъазиау зиантæ, устур агъаз бакодтонцæ æртухсти бахауæг Ленинградæн. Æригон денгизон лейтенант Хуадони-фурт уæд адтæй взводи, фæстæдæр ба денгизон-зенитон артиллерий батарейи командир. Архайдта Ленинград багъæуай кæнуни, Прибалтикæ æма Польшæ иссæребарæ кæнуни тугъдтити. Хуадони-фурти батарейæ æргæлста 18 фашистон хуæдтæхæги.

Устур Фидибæстон тугъди фиццаг бæнттæй Балтики арви фашистти нихмæ карз тох кодта иристойнаг тæхæг-кунæггæнæг **Зæлети Бариси фурт Юрий**. 1941 анзи 24 августи фашистон хуæдтæхгути къуар фæззиндтæй нæхеуонти аэродроми сæрмæ. Сæ нихмæ фиццаг истахтæй Зæлети Юрий. Дууæ минуттей дæргъи еунæгæй тухтæй инсæй фашистон «Мессершмидт»-и хæццæ. Искъуæргæй æргæлста еуей, иннети бауорæдта, цалинмæ нæ кунæггæнгутæ не 'стахтæнцæ, уæдмæ. Юрий фæммард æй бæгъатæрæй, æ ихæс кæронмæ исæнхæст кæнгæй.

Иристойнаг денгизонтæй цалдæремæй иссæнцæ æнтæстгин денгизон разамонгутæ. Сæ еугуремæй раздæр (1972 анзи 23 декабри) контрадмирали цин райста **Цæллагти Константини фурт Пантелей**. Устур Фидибæстон тугъди рæстæг дæр зингæ фескъуæлхтæй – денгизон фестæгæфсæддонти рæнгъити знаги хæццæ фиццаг хатт истухтæй Мæскумæ хæстæг уæззау тугъдтити. 1942 анзи капитан-лейтенант Цæллагифурт архайдта Мæздæгмæ, Æргинарæгмæ æма Дзæуæгигъæумæ хæстæг тугъдтити, немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй сæребарæ кодта Цæгат Кавказ, Украинæ, Румыни æма Болгари.

Фæстæдæр номдзуд денгизонтæ иссæнцæ иристойнæгтæй цалдæр. Зæгъæн, **Гокъинати Виктор Александри фурт** дæр 1983 анзи иссæй контр-адмирал, æ рæстæги командæ кодта уæззау хуæдтæхгутæхæссæг крейсер «Минск»-æн, фæстæдæр ба адтæй Тугъдон-денгизон флоти Уæлдæр сæрмагонд афицерон къурсити хецауи фиццаг хуæдæййевæг, 1993 анзи ба рацудæй æфсæддон службæй.

Нæ иннæ æмзæнхон **Сергей Ивани фурт Меняйло** дæр фескъуæлхтæй куд искурдиадæгин денгизон архайæг – 2005 анзи иссæй контр-адмирал, 2007 анзи ба вице-адмирал, æ рæстæги адтæй Сауденгизон флоти командæгæнæги хуæдæййевæг, 2011 анзи ба рацудæй запасмæ æма куста паддзахадон хецауддзийнади бæрнон бунæтти, абони ба æй Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта ГÆТИЙТИ Светланæ.***

*донцæуæг крейсерти уæнгæ, исефтонг æй идарди æма хæстæги архайди хуæрзахедгæ денгизон авиацийæй, билгæрæнттæ гъæуайгæнæн æууæнккаг комплекстæй, дуйней нерæнгæ ка нæма ес, уæхæн нæуæгæй-нæуæгдæр гæрзефтонг системитæй, кæцити фæххуæздæр кæнунбæл нуртæккæ еудадзуг æма æнтæстгинæй архайæн...»*





ЦОКОЛАТИ Геннадий

# ИМИСУЙНАГ НИН ÆЙ ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ...

1

Цæветтонгæ, Сурхтурусагин Балтийаг флоти тухгин дæрæнгæнæг цæфтæ уоййасæбæл зæранхæссæг иссæнцæ немуцаг-фашистон æфсæдтæн, æма сæ разамунд исфæндæ кодтонцæ, уой 1942 анзи сæрдигон тугъдтити райдайуни размæ ниддæрæн кæнун. Уотæ бæргæ гъавтонцæ, фал син сæ фæндитæ Балтийаг флот бустæги фехалдта, уæлахезонæй карз нихкъуæрд лæвардта знагæн. Уотæ – флоти авиаци дæр. Уой туххæй еци киунуги уотæ финст æй:

*«Четвертый гвардейский истребительный авиационный полк Краснознаменного Балтийского флота прославился своими действиями по поддержке наступления наших войск. Мастерством и бесстрашием отличился заместитель командира одной из эскадрилий лейтенант Геннадий Дмитриевич Цоколаев. В один из мартовских дней он повел истребители на уничтожение окруженной группы, засевших на маленьком участке длиной 120 м и шириной 200 м. Цоколаев мастерски выполнил эту задачу: несколькими штурмовыми заходами вся фашистская группа была уничтожена. Через несколько дней Геннадий Цоколаев повел шестерку истребителей к линии фронта. Обнаружив 5 фашистских бомбардировщиков, направлявшихся к нашему переднему краю, он смело бросил свою шестерку в лобовую атаку. Враг не выдержал натиска советских летчиков, отказался от выполнения боевого задания и стал уходить. Летчики Цоколаева настигли самолеты противника и четыре из них сбили. Вскоре Цоколаев со своей шестеркой истребителей встретился с 15 немецкими бомбардировщиками, шедшими под прикрытием 8 истребителей на бомбардировку боевых порядков наших войск, и стремительной атакой заставил гитлеровцев сбросить бомбы в расположении их же войск. В этом воздушном бою фашисты потеряли шесть «юнкерсов» и три Ме-109…»*

Аци скъуддзаг æнхæстæй нæма рафинстон, уотемæй бабæй мæмæ ме 'рдхуард æрбауадæй:

– Мæнæ кæсай, аци киунуги дæр Цоколай-фуртбæл куд дзæбæх финститæ ес!

Æма мæмæ æвдесуй Советон Флоти Адмирал Николай Кузнецови имисуйнæгти киунугæ (Устур Фидибæстон тугъди размæ дæр, уæдта уой рæстæги æма уой фæсте дæр ма цæйбæрцæдæр рæстæг разамунд лæвардта нæ Советон Цæдеси флотæн). Цæмæй ме 'рдхуард идарддæр мабал дестæ кæна, уомæ гæсгæ ин загътон:

– Цоколати Геннадийи æскъуæлхтдзийнæдти туххæй берæ номдзуд адæймæгутæ финстонцæ сæ имисуйнæгти, сæрмагондæй æрмæгутæ мухургонд цудæнцæ нæ бæсти сæйрагдæр газетти, æ кой ин кæниуонцæ Еугурцæдесон радиойæй дæр. Мадта не 'мзæнхон Зæнгиати Т. ба ибæл сæрмагондæй ниффинста киунугæ «Витязь Балтийского неба».

– Уæхæн кадæгонд ин, æвæдзи, хумæтæги нæ цудæй æма, æруагæс ми кæнуй, нерæнгæ дæр ма цæуй, – сагъæсхузæй загъта ме 'рдхуард.

– Раст зæгъис, – дзуапп ин равардтон æз дæр. – Цоколати Геннадий, æцæгæйдæр, адтæй бæгъатæр, нифсхаст, æдæрсгæ æма уой хæццæ ба хуæдæфсармæ, кæдзосзæрдæ, ездон, зæрдæмæдзæугæ адæймаг...

Нæкæси, Цоколай-фурт ме 'мзæнхон ке 'й, уой мæ мæскуйаг æрдхуард ке зудта, е уæмæ дессаг ма фæккæсæд – ку исæмбæлианæ, уæд мæ бундоронæй фæффæрсидæ Иристони





ЦОКОЛАТИ Геннадийи циртбæл циртдзæвæн Ирон аргъауæни мемориали.

туххæй, номхигъдæй зудта нæ Бæгъатæртæй берети дæр.

Нур ба ма уой зæгъуйнаг дæн, æма бæлвурдæй Цоколати Геннадийи кой цæмæн кæнæн абони. Еуемæй, æрæги, 25 июли исбæрæг кодтан Тугъдон-денгизон флоти Бон – Цоколати Геннадий ба адтæй денгизон авиаций тæхæг, иннемæй 24 июли æ райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1916), уæдта 3 июли ба фондз æма дууинсæй анзи исæнхæст æй æверхъау бæлахи фудæй æ уæлзæнхон цардæй ку рахецæн æй, уобæл.

Цоколати Геннадий райгурдæй сахар Томски 1916 анзи 24 июли æфсæнвæндаги косæги хæдзари. Æ фидæ Дзантемур (олгинскаг) рамардæй, биццеубæл дууæ анзи ку цудæй, уæд. Геннадий гъомбæл кодта æ нана Татунмæ Олгинскийи. Хумæтæг хуæдæфсармæ, зундгин силгоймаг æ фурти бæдоли ахур кодта нæ фидтæлтиккон æгъдæуттæ æма фæткитæ зонунбæл æма сæ федауцæй æнхæст кæнунбæл: рæстзæрдæ унбæл, фидиуæзæг æма фидибæстæбæл æновуд унбæл, уарзун ин кодта фæллойнæ.

Геннадий ахур кодта Олгинскийи скъолай, уой фæсте каст фæцæй ФЗО æма рабфак Мæскуй, бæлдтæй æфсæддон дæсниадæ райсунмæ. Æма 1938 анзи каст фæцæй Ейски денгизон тæхгути скъола, рарвистонцæ 'й Балтий флотмæ.

Лейтенант Цоколай-фурт 1939 анзи архайдта уорсфиннæгти нихмæ тугъди. Лæгдзийнадæ æма æхсарæ си ке равдистонцæ, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй Сурх Стъалуй орден.

Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд не 'мзæнхон адтæй Сурхтурусагин Балтийаг флоти Тугъдон-Уæлдæфон Тухти 61-аг авиацион бригади 4-аг гвардион кунæггæнæг авиацион полкки эскадрилий командир. Æма тугъди тæккæ фиццаг бæнтти тох кæнун райдæдта знаги авиаторти нихмæ. Æ эскадрили ба адтæй интернационалон – балхъайраг Алим Байсултанов, уруссаг Анатолий Кузнецов, украинаг Петр Гринько... Кæрæдзей лæдæргæй æма кæрæдземæн æнсувæреуæг кæнгæй, уодуæлдайæй архайдтонцæ сæ тугъдон ихæстæ æнхæст кæнунбæл. Аллибон дæр сæ багъæуидæ фондз-æхсæз хатти ратæхун тугъдон бардзурдтæ æнхæст кæнунмæ. Сæ еугур разагъди æскъуæлхтдзийнæдти туххæй радзорунæн нин нæ абониккон радзубандий равгæ нæййес, фал си кæцидæрти кой ба уæддæр ракæнæн.

Цæветтонгæ, 1942 анзи 14 мартъий Цоколай-фурт æма æ эскадрилий тæхгутæ æхсæземæй сæ хуæдтæхгутæбæл (И-16), 54-аг æфсади æфсæддон хæйттæ уæлдæфæй гъæуай кæнгæй, æрæстæфтæнцæ, уордæмæ хонсар æрдигæй куд æрбахæстæг æнцæ знаги финддæс хуæдтæхæги «Юнкерс-87». Цоколай-фурт æ къуар исаразта комкоммæ уони 'рдæмæ, æхсун сæ райдæдтонцæ. Советон тæхгути уæхæн æндиуд архайд знагæн уоййасæбæл æнæнгъæлти адтæй, æма фæккуддæр æнцæ, сæ бомбитæ кæмидæрти æркалдтонцæ. Фæййервæзунбæл архайгæй, райаразтонцæ дууæ гъæуайгæнæн рæнгъи. Цоколай-фурт æ къуар фæддугæйттæ кодта æма уотемæй знаги нихмæ сæхе раскъардтонцæ. Е ледзæги фæцæй, цуппар хуæдтæхæги си фæгъгъудæй, уотемæй.

Дууæ боней фæсте хестæр лейтенант Цоколай-фурт æ къуари хæццæ тахтæй не 'фсæдти уæлзæнхон хæйттæ гъæуай кæнунмæ станцæ Погостье-Жарони рауæни. Æма уотемæй исæмбалдæнцæ аст «Мессершмиттебæл». Байеудагъ син æй карз тох. Махонтæ знаги хуæдтæхгутæй æртæ æргæлстонцæ. Уæдта командир рауидта: финддæс «Юнкерс»-и гъавунцæ не 'фсæдтæ дæрæн кæнунмæ. Æма æ къуар «Мессер»-ти хæццæ тохгæй, фондз хуæдтæхæгемæй истох кодта знаги финддæс «Юнкерс»-и нихмæ. Æхсæзей си æргæлстонцæ. Фал уæдмæ бабæй фæззиндтæй знаги хуæдтæхгути агъазиау къуар – æртиндæс «Юнкерс»-и. Махуæнттæмæ ба тохæн фæрæзнитæ дæр нæбал адтæй, сæ артаг дæр фæуунтæбæл адтæй. Ци киндæ уа? Расагъæстæ-басагъæстæн рæстæг нæ адтæй, æма советон тæхгутæ знагбæл уæддæр сæхе ниццавтонцæ, фæттæрсдзæнæй, зæгъгæ, уобæл сæ зæрдæ дардтонцæ. Æма æцæгæйдæр уотæ рауадæй – немуцаг тæхгутæ фæлледзæги 'нцæ.

Еци бæнтти Геннадийи туххæй фæззиндтæй сæрмагонд листовкæ «Гордость Балтики». Æцæгæйдæр, е адтæй Балтий флоти æма Ленингради фронти сæрустурдзийнадæ.

Æ агъазиау тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй хестæр-лейтенант Цоколай-фуртæн 1942 анзи 5 июни лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Цоколати Геннадийæн 1944 анзи фæцæй æ райгурæн Иристонмæ иссæуни равгæ. Дзæуæгигъæуи дæр æма æ райгурæн гъæу Олгинскийи, уæдта ма Мæздæги исаразтонцæ фæллойнæгæнгути хæццæ фембæлдтитæ. Мæздæги райони колхозонтæ дууæ дæрæнгæнæг хуæдтæхæгей аргъ æхцай фæрæзнитæ æрæмбурд кодтонцæ æма сæ равардтонцæ дууæ тугъдон æмбали, Советон Цæдеси Бæгъатæртæ, майортæ Цоколати Геннадий æма Михаил Клименкомæ.

Цоколати Геннадий Устур Фидибæстон тугъди æнзти тугъдон бардзурдтæ æнхæст кæнуни туххæй уæлдæфмæ æ хуæдтæхæгбæл истахтæй 510 хатти, æргæлста знаги æртæ æма инсæй хуæдтæхæги.

Æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй Цоколати Геннадийи исхуарзæнхгин кодтонцæ Ленини æма Сурх Турусай дугай ордентæй, Сурх Стъалуй орденæй, берæ майдантæй.

Майор Цоколай-фурти 1944 анзи рарвистонцæ Æфсæддон-Денгизон академий Уæлдæр афицерон къурситæмæ ахур кæнунмæ. Уой фæсте идарддæр службæ кодта Æфсæддон-Уæлдæфон Тухти, æ тугъдон фæлтæрддзийнадæй хайгин кодта æригон тæхгути. Фал ибæл фæстагмæ æ цæфтæ, тугъди ци зиндзийнæдтæ фæуундта, етæ тæфсун райдæдтонцæ æма 'й 1958 анзи багъудæй æфсадæй рацæуун.

Запаси дæлболкъон æрцардæй Кисловодски, цардæй Мæскуй дæр, фæстагмæ ба – Дзæуæгъæуи. Куста адæмон хæдзаради, æновудæй архайдта ветеранти кусти, фæсевæди æфсæддон-патриотон æма интернационалон гъомбæлади. Геннадийи некæд иронх кодта æ райгурæн гъæу, Рахесфарси райони хæццæ дардта æнгом бастдзийнадæ.

Гъулæггагæн, 1976 анзи 13 июли æрцудæй æверхъау бæлах – бахаудтæй автомобилон-транспортон фидбилизи æма фæммард æй. Республики тæккæ цитгиндæр бунæттæй еу – Ирон аргъауæни тургъæ иссæй е 'носон бунат. Абони Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еу хæссуй Цоколати Геннадийи ном.

*Номдзуд скульптор ГАДАТИ Лазæр (1938-2008) фескъуæлхтæй куд финсæг дæр. Æ новеллитæй еуеми («Æрдхуарди имисгæй») финста: «Мæ медфун хатгай балæуун уæ уæлхæдзарæ 'ма дæмæ уоми фенгъæл кæсун... Дæубæл гъуди кæнун мин зæрдицойнæ 'й. Дæ зиндзийнæ идардмæ дæр мæ бауæрбæл æмбæлуй. Не 'рдхуарддзийнадæй фæрнгун дæн...»*



Æрдхуарддзийнадæбæл æновуд ун нæ кæстæртæн фæдзæхсун æй нæ адæми ахсгиагдæр æгъдæуттæй еу.

# ÆРДХУАРДДЗИЙНАДÆ



АГЪНАТИ
Æхсарæ

РАГÆЙ дæр нæ адæммæ хъæбæр цитгин адтæй æрдхуарддзийнади æгъдау. Биццеу æ лæхъуæни карæмæ ку бахъæртидæ, уæд е 'мгæртти астæу агурдта, æхецæн æрдхуард кæмæй загъдтайдæ, уæхæн адæймаг.

Æхецæн æрдхуард иссерунмæ хъæбæрдæр бæлдтæнцæ æма еци гъуддаг исаразунбæл уæлдай зæрдиагæй архайдтонцæ, æнсувæртæ кæмæн нæ адтæй, уæхæн лæхъуæнтæ. Мадта бийнонтæ сæхуæдтæ дæр сæ еунæг фурти еци гъуддагмæ разæнгард кодтонцæ.

Æма лæхъуæн æхецæн лимæн ку иссеридæ, царди медæгæ ин уодзæнæй зæрдтаг, зæгъæ, е ку исбæлвурд уидæ, уæд дууæ бийнонти дæр, сæ гæнæнтæ куд амониуонцæ, уомæ гæсгæ искæниуонцæ гъæугувдтитæ. Сæ нæуæг æрдхуардæй сæрустур уиуонцæ айдагъ бийнонтæ нæ, фал æнæгъæнæ муггаг дæр.

Хуæнхаг æгудзæг царди социалон фæззинд æрдхуарди ахедундзийнадæбæл нæ дзордзинан. Уой нæ этнографти барæ уадзæн. Зæгъун мæ фæндуй уой, æма еци тухст дзаманти дæр ирон адæм сæ дзурд некæд сайдтонцæ, дзурд ку радтиуонцæ, уæд, цийфæнди зин ку адтайдæ, уæддæр æй æнæмæнгæ æнхæст кодтонцæ лæгигъæдгунæй. Уæхæн фæткæ уæди рæстæгути уанæбæрæг десаг некæмæ кастæй, уомæн æма алкæмæндæр лæдæрд адтæй, гъæуама уотæ ке уа, е.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма уæди рæстæгути нæ адæм æрдхуæрдтæ айдагъ сæхе медастæуæй нæ кодтонцæ. Ахид син уидæ æрдхуæрдтæ æндæр кавказаг адæмтæй дæр, фал тæккæ лимæндæр ба адтæнцæ уруссæгти хæццæ.

Берæ историон цаутæ æримисæн æма берæ аллихузон хабæрттæ ракæнæн ес еци æрдхуарддзийнади фæдбæл, сæ еугурей еу уаци ранимайунæн фадуат кæми ес, уомæ гæсгæ ба æрхæсдзинан, уæди рæстæгути кавказаг адæмти цардиуаги фарстатæмæ лæмбунæг ка 'ркастæй æма сæ фæффинста, еци номдзуд ахургæндтæй еуей æвдесæнтæ.

Кавкази тугъди рæстæги уруси æфсади службæ кодта афицерæй немуцаг ахургонд Штедер. Берæ фæцæй Кавкази, адтæй Иристони кæмтти дæр. Ци уидта æма ци игъуста, уони финста æ бонуги. Еци бонуг ниммухур кодта немуцаг æвзагбæл 1781 анзи Лейпцигi. Ирон царди æууæлти тухкæй си берæ хуарз æрмæг ес. Мах си райсдзинан уæхæн фактæ.

Кавкази тугъди рæстæги уруси æфсадæй лигъдæнцæ мæгур æнæбарæ æфсæддонтæ Иристони кæмттæмæ æма римахстонцæ сæхе ами цæрæг адæми хæдзæрттi. Штедерæн ихæсгонд адтæй еци лигъд æфсæддонти æрæмбурд кæнун æма сæ фæстæмæ Уæрæсемæ ракæнун. Уомæ гæсгæ Штедер зилдæй кæмтти æма гъæути. Куд финсуй, уотемæй, дан, ирæнттæй неке исгъæр кодта, лигъд уруссаг æфсæддонтæ имæ ке ес, уой. Дессаг, дан, мæмæ е фæккастæй, æма уруссаг æфсæддонтæ ирон хæдзæртти цардæнцæ хе бийнонти хузæн, косун, дан, сæ æгириддæр нæ кодтонцæ. Ракодтонцæ си уæддæр цалдæр æфсæддони. Æма кæмæ адтæнцæ, еци ирон лæгтæ сæ фæдбæл цудæнцæ коми думæгмæ, курдтонцæ, цæмæй сæ афицер ма бафхуæра. Уотæ æновуд адтæнцæ урусбæл.

Æууæндундзийнадæ æма дзурд æнхæст кæнун куд кадгин адтæнцæ мах адæми 'хсæн, уой тухæй зæрдиагæй финсуй Штедер.

– Дигори ку адтæн, уæд гъæди фæдздзæгъæл дæн. Æрталингæ 'й. Еу рауæн пихсити рауидтон цидæр рохс æма мæхе уордæмæ исаразтон. Хæстæг ку бацудтæн, уæд кæсун, æма арти алливарс цидæр лæгтæ бадунцæ нимæтти. Ку мæ рауидтонцæ, уæд фæггæппитæ кодтонцæ. Сæ тохæнгæрзтæмæ фæллæбурдтонцæ, уотемæй цæйбæрцæдæр рæстæг фæллæудтæнцæ.

Æвæдзи, мæн хузæн æнайæнойти иуазæг сæмæ фæззиндзæнæй, уой æнгъæл нæ адтæнцæ, æма уомæ гæсгæ ба мæ бацудæй фæттарстæнцæ. Æз ку нæбал æзмалдтæн, ку неци дзурдтон, уæд етæ дæр æрсабур æнцæ. Ракæститæ кодтонцæ сæ алливæрсти æма, мæнæй æндæр си ку неке адтæй,уæд мæбæл бауæндтæнцæ, фудгæнæг ке нæ дæн, уобæл. Се 'взаг син хуарз кæми зудтон, фал син куддæрти балæдæрун кодтон, зæгъун, фæдздзæгъæл дæн æма æнæгъæнæ бон стонг дæн.

Кæбæл исцурæвæрæ дæн, уонæй еу лæг, куд æй балæдæрдтæн, уотемæй сæ хестæр, æ фарсмæ мæ æрбадун кодта, кæстæртæ уайтæккæ фингæ ракодтонцæ æма нин байеудагъ æй дæргъвæтийнæ дзубанди. Мæ фусунтæн сæ гæнæнтæ кæд бустæги цубур адтæнцæ, уæддæр устур уæздандзийнадæ равдистонцæ æнæнгъæлæги иуазæги бабоц кæнунæн. Уотемæй ба адтæнцæ абæргутæ. Сæ хестæр адтæй зундгонд дигорон абæрæг Бекба.

Бекба бауæндтæй Штедербæл, дзурд ин равардта балимæн кæнуни фæдбæл. Уой фæсте Бекба æ абæргути хæццæ, æ лимæн Штедери курдиадæмæ гæсгæ, бацудæй уруссаг æфсадмæ службæ кæнунмæ. Æ ихæстæ, дан, хъæбæр хуарз æнхæст кодта еци Бекба, æстауй æй æ финститi Штедер.

Ирон адæм уруси хæццæ лимæнæй ке цардæнцæ, уомæн берæ æвдесæндартæ ес. Радзордзинан ма мæнæ ауæхæн историон цаути фæдбæл. 1774 анзи Иристон байеу æй Уæрæсей хæццæ. Уæрæсей хецауадæ равардта ирон адæмæн хуæнхти цъæстæй будурмæ раледзуни барæ. Хуæнхбæстæй раледзæг адæм будурти арæзун райдæдтонцæ сæ гъæутæ уруссаг хуторти кенæ хъазахъаг станицити фарсмæ.

Мæздæг адтæй уруссаг федар æма æ алливарс ирæнттæ исаразтонцæ гъæутæ: Черноярское, Ново-Осетинское, Большое Осетинское, Ос-Богатырь, Бугулов, Хестанов, Джигкаев æма æндæртæ. Уæхæн гъæутæ арæзт æрцудæнцæ æндæр рауæнти дæр. Ами зæгъун гъæуй уой, æма будурмæ раледзæг дзиллитæ райдæдтонцæ сæхецæн лимæнтæ кæнун, ци хъазахъ æма уруси фарсмæ æрцардæнцæ, уони хæццæ.

Еуæй-еуетæ, сæ уруссæг зонгити лимæнтæбæл ке нимадтонцæ, уомæ гæсгæ сæ цæуæтбæл æвардтонцæ уруссаг нæмттæ, уæдта сæ хигъди финстонцæ уруссаг муггагæй. Уотемæй Мæздæги æрцæрæг иристойнæгти 'хсæн фæззиндтæй уруссаг муггæгтæ: Иванов, Чернышов, Насонов, Никифоров, Сидоров, уæдта хъазахъаг муггæгтæ: Василенко, Николенко, Сидоренко æма æндæртæ.

Лабæмæ (Хъæрæсе) ци ирæнттæ фæллигъдæнцæ, уонæй Черчестæ сæхе ниффинстонцæ куд Черкесовтæ, Чехойтæ – Чеховтæ. Разиндзæнæй ма æндæр уруссаг муггæгтæ дæр иристойнаг адæммæ, фал уонæбæл нæбал дзордзинан, еци фарстатæбæл сæрмагондæй фæдздзорун гъæуй.

Аллихузон адæмихæттити минæвæртти 'хсæн кæрæдземæн æрдхуард зæгъуни æгъдау хъæбæрдæр рапарахат æй Устур Фидибæстон тугъди рæстæги. Иристойнаг тугъдон лæхъуæнтæ, фашистти нихмæ тох кæнгæй, устур таси уогæй, сæхецæн акъоппити æмбæлттæ кодтонцæ бæгъатæр æфсæддонтæй, нæ бæсти адæмти хæццæ, цæмæй еци зин дзамани сæ фарсмæ адтайдæ, æууæнкæ кæбæл адтайдæ, уæхæн тугъдонтæ. Кæрæдземæн дзурд дæттæй, еци тугъдон æмбæлттæ тугъди будури æвдистонцæ устур бæгъатæрдзийнадæ. Нæ газеттæ æма нæ журналти сæ кой ахид фæккæнунцæ.

Æрдхуарддзийнадæ тугъдон фæззинд ке 'й, уомæн берæ æвдесæнтæ ес. Советон ахургонд Э.А. Грантовский финсуй, зæгъæ, ирон адæммæ æрдхуард кæнуни фæткæ æрхъæрдтæй скифти цардæй. Æвæдзи, аци гъуди раст æй.

Скифти истори лæмбунæг ниффинста æ дзамани грекъаг историк Геродот. 2500 анзей размæ еци ахургонд адтæй скифтæн сæхемæ, фæууидта син сæ цард, сæ тугъдон гъуддæгутæ. Æ историй 4-аг киунугæ уонæбæл финст æй.

Геродот куд финсуй, уотемæй скифтæ тугъдон адæм адтæнцæ, соми, дан, кодтонцæ сæ фидтæлти цирлитæ æма тохæнгæрзтæй. Бæлвурдæй финсуй скифти æрдхуард кæнуни æгъдаубæл. Рагдзаманти ирон адæм куд кодтонцæ, раст æй уотæ аразтонцæ скифтæ дæр.

Скифтæмæ мах нурикон адæмæй никки тухгиндæр адтæй æрдхуард кæнуни æгъдау. Уой кой райгъустæй сауæнгæ идард бæститæмæ дæр, таурæхъти æма æмбесæндти хузи æй дзурдтонцæ Греци æма Роми паддзахæдти галауанти. Рагонбердзейнаг финсæг-сатирик Лукиан Сирийаг (сахар Самосантæй рацæуæг) II æноси (нæуæг нимадæй) ниффинста скифти æрдхуард кæнуни æгъдауи фæдбæл сæрмагонд уадзимис «Токсарис или дружба». Уруссаг æвзагмæ тæлмацæй æй ниммухур кодта академик В.В. Латышев. (Кæддæр мах газети дæр мухургонд æрцудæй дигорон æвзагмæ тæлмацгондæй – Ред.). Раст зæгъун гъæуй, Лукиани новелли берæ æримисгæ хабæрттæ ес, фал æ бундор æцæг æй – уæди фæткитæмæ гæсгæ «варварти» цард æмбесонди хузи æвдистонцæ.

Зундгонд ромаг поэт Публий Овидий Назон хуарз зудта сæрматти, се 'хсæн фæццардæй Сау денгизи билгæрон еуминкъий сахар Томи дæс анзей бæрцæ (8-аг анзæй 18-аг анзмæ). Куд зæгъуй, уотемæй исахур кодта сæрматаг æвзаг æма ибæл æмдзæвгитæ дæр финста.

Овидий куд финсуй, уотемæй сæрматаг зæронд лæгтæй берæ фегъуста рагон таурæхътæ æма æмбесæндтæ сæрматти цардбæл. Æхе цæститæй син фæууидта сæ цард æма финсуй, зæгъгæ, кæд мæгур варвартæ адтæнцæ, уæддæр сæмæ бæрзонд æвæрд адтæй ездондзийнадæ. Сæрустур адтæнцæ сæ кæнгæ æнсувæртæй, æнхæст кодтонцæ сæ дзурд.

Советон ахургонд А.М. Хазанов куд рартаста, уотемæй скифтæ æма сæрматтæмæ æрдхуардæн адтæй сæрмагонд идауæг, хъæмайæн сæмæ Арес куд адтæй, уотæ.

Æрдхуард арæзт æй дууæ дзурдемæй – ард æма хуæрун-æй. Мевдесæг хуæрун ци амонуй, уой алкедæр хуарз зонуй. Нæ дзурдуати ард æй хецæн дзурдæй дæр, амонуй: клятва, присяга. Нуртæккæ аци дзурд ахиддæр æмбæлуй дзурдбæстити. Зæгъæн: Нарт сæ Уацамонгæй хуардтонцæ ард; ард дин хуæрун аци зæнхæй, соми кæнун бæрзонд цъæх арвæй.

Ард дигоронау игъусуй арт. Профессор Абайти Васо куд зæгъуй, уотемæй ирон æма дигорон дзурди хузтæ рацудæнцæ рагон ирайнаг арта – кенæ – рта-йæй. Арта-йæн рагон ирайнаг æвзæгти фулдæр ахедундзийнадæ адтæй. Еци гъуддаг æвдесунцæ нæ маддæлон æвзаги мæнæ ауæхæн дзурдбæститæ: Хуцауи ард, адæми ард, ард ди бацæуæд, ард дæ баййафæд, ард дæ фæдбæл æфтуд æрцæуæд æма æндæртæ.

Куд уинæн, уотемæй еуæй-еу дзурдбæститти ардæн ес бафауйнаг нисанеуæг. Цæмæн уотæ 'й, е бæрæг нæма 'й.

Скифтæ, сæрматтæ æма алантæ ардæн ке кувтонцæ, е бæрæг æй сæ сахари номæй дæр. Хъирими сахар Феодосий кæддæр алантæ худтонцæ Артабда, нур æй зæгъианæ куд авд арди. Алантæ, æвæдзи, еу ардмæ нæ кувдтонцæ, фал авдемæ.

Рагон ирайнаг адæммæ дзурд ард (дигоронау – арт) кадгин ке адтæй, уой æвдесунцæ, ци адæймæгути нæмттæ сæмæ байзадæй, етæ: Артахшатра, Артафарн, Артабан, Артавазд, Артапат æма æндæртæ.

Берæ зундгонд ахургæндтæ архайдтонцæ дзурд ард (арт) рартасунбæл. Рагон ирайнаг æвзаги æ медес адтæй «священный», авести ба ин ес цидæр уæларвон медес – «благодать».

Ирон æвзаги дзурд ард мевдесæг дзурд хуæруни хæццæ баст цæмæн æй, е зин зæгъæн æй. Уотæ ку фæззæгъунцæ, дæ незтæ дин хуæрун, гъома, цæмæй дæ незтæ фесæфонцæ, зæгъæ, уæд уой балæдæрун æнгъезуй, фал ард ба куд ес хуæрæн? Еци фарста нерæнгæ дæр ма лæууй ахургæндти размæ.

Финсæг, Кæсæг-Балхъари културi æскъуæлхт косæг, республики киунæгæуадзæн рауагъдадæ «Эльбрус»-и сæйраг редактор Бицуев Анатолий Мурати фурт бæл 25 июли исæнхæст æй финддæс æма æртинсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн!

# СÆДÆ БОНЕЙ ХАТДЗÆГТÆ ÆМА ИРИСТОНИ ИСОНИБОН

**ГЪÆУУОН ХÆДЗАРАДÆ**

Гъæуuон хæдзарадæ республикæн æй хъæбæр ахсгиаг къабазæ. Е бафæразта æхсæнадон аллихузон зелдохтæн, æма абони дæр æй цардгъон. Идарддæр ба гъæуама ирæза, наукон бундорбæл арæзт пълантæмæ гæсгæ. Дзубанди кодтан Уæрæсей Гъæуuон хæдзаради министри хæццæ, æма нин Аквакультурити селекцион центр республики исаразунæн æхца дехгонд æрцудæй.

Ес нæмæ хæдзарадæ «Олгинский». Уой бундорбæл исаразæн ес заманай селекцион центр. Уой тухxæй нæмæ Мæскуйæй иссæудзæнæнцæ дууæ академики – Уæрæсей Гъæуuон хæдзаради министради департаменти разамонæг æма Уæрæсей Наукити Академий сибийраг хайади разамонæг. Айдагъ нартихуари кустбæл гъæуuон хæдзарадæ нæ хецæн кæнуй, гъæуй аразун æндæр культуритæ æма æндæр зайæгойти куст кæнун дæр, цæмæй бахарзгонд алли сом дæр æртивæрæй здæха.

**БЮДЖЕТИ ТУХХÆЙ**

Республики бюджет æй кадавар. Майæй фæстæмæ Цæгат Иристонæн уæлæнхасæн дехгонд æрцудæй 1,8 миллиард соми.

Паддзахадон архивæн нæуæг бæстихай исаразунæн нæуæг анзмæ бюджети æвæрд æрцудæй гъæугæ фæрæзнитæ.

Республики гъæуuон хæдзарадæ уæлæнхасæн райста 1,5 миллиард соми. Дони станцæ банивæбæл кæнуни тухxæй проектон кустitæ райдæдтонцæ æма анзи кæронмæ фæуyодзæнæнцæ. Еци проектмæ гæсгæ ‘й райараздзæнæнцæ, æма фæлладуадзуни нæуæг анзмæ Дони станцæ æ хузæ бустæгидæр раййевдзæнæй.

Райарæзти уæхæн агъазиау кустitæ арæзт æрцæудзæнæнцæ Хетæгкати Къостай номбæл фæлладуадзæн парки æма Жуковскийи номбæл сувæллæнтти парки. Уотæ, Беслæни райрæзти программæ дæр. Кæцидæр кустitæн си æхца нæбал фагæ кодта. Нур етæ дæр æнцæ. Уомæй уæлдай, Беслæни 1-аг скъолай бундорбæл арæзт æрцæудзæнæй музей æма Æфсæддон-патриотон гъомбæлади центр.

Æ тухи бацæудзæнæй «Æнцонвадуат цæрæнуат», зæгъгæ, аци программæ. Æ фæлгæти сентябри райдайдзæнæнцæ хæдзæрттæ аразун, æдеугур цæрæнуати 90 мин квадратон метри.



Республики Хецауади размæ фæззиндтæй Инвестицион совет. Æ ихæс уодзæнæй инвестицион проекттæн аргъ кæнун. Еци проекттæй еу – Дзæуæгигъæуи бунмæ арæзт гъæуама ци бугъдони полигон æрцæуа, уой проект. Идарддæр, ихæлд æрцæудзæнæнцæ, пайда кæнун тæссаг кæмæй иссæй, сахари сæрмæ ставд бæттæнтæбæл ауигъд ци над æй, е æма æрдæгарæзтæй ка байзадæй, парки еци берæуæладзугон бæстихай.

Аци анз бафинстан 100 лифти нæугутæбæл раййевуни программæ, республикæй син федун неци багъæудзæнæй. Фиццаг 25 лифти бал нæмæ фæззиндзæнæнцæ аци августи кæронмæ.

Ес ма берæ æндæр пълантæ æма нисантæ, фал се ‘нхæст кæнуни тухxæй бæлвурд унафитæ нæма ес, уомæ гæсгæ сæбæл дзубанди кæнунæн нурма раги æй.

***

Иристон Уæрæсей рæсугъддæр æма дессагдæр бунæттæй еу цæмæй исуа, уомæн ин ес еугур гæнæнтæ дæр. Æма еци нисанбæл еумæйагæй ку бакосæн, уæд къохи æнæмæнгæ бафтуйдзæнæнцæ. Æнтæстгин уæн нæ еугур дæр.

**ГЪУДДАГИ РÆСТЗÆРДÆЙ КА БАЦÆУЙ, РАУОН-ЦИУОНÆЙ ДÆР Е ФÆЙЙАРХАЙУЙ!..**



# ЕУ БОНИ УÆЛАХЕЗ АРФИАГ УÆД ÆЙ, ÆМА СИ ÆНДÆР УÆЛАХЕЗ КУ ÆНТÆСА!..

РЕСПУБЛИКÆ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймораз** Октябригъæуи министрадтæ æма ведомствити разамонгутæн ци урух æмбурд исаразта, уоми дзубанди цудæй Горæтгæрон райони идарддæри социалон-экономикон райрæзтбæл.

Зæгъун гъæуй, аци район республики муниципалон искондти устурдæр (æ фæзуатмæ гæсгæ, уæдта æ цæргути нимæдзæмæ гæсгæ дæр – цæруй си 100 мин адæймагемæй фулдæр) ке ‘й, уой дæр. Уомæ гæсгæ ‘й багъæуй уæлдай лæмбунæгдæр цæстдард республики разамунди ‘рдигæй. Уæдта, раст зæгъгæй, район æхуæдæг дæр архайуй æ гæнæнтæ æма равгитæй æнхæстдæрæй пайда кæнунбæл. Е бæрæг адтæй, еци æмбурди ци дзубанди раyадæй, уомæй дæр.

Фембæлди райдайæни муниципалитети администраций сæргълæууæг **Есиати Руслан** доклад кодта евгъуд анзи районi социалон-экономикон архайди бæрæггæнæнти тухxæй. Есий-фурти дзубандимæ гæсгæ, коронавируси пандемийи фудæй исæвзургæ эпидемиологон уавæр еуцæйдæрбæрцæдæр бакъулумпи кодта социалон-экономикон архайд. Уой хæццæ, æ дзубандимæ гæсгæ, районi адæми царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунбæл куст изолдæр цæуй. Зæгъæн, муниципалон оргæнтæ гæнæн æма амалæй раидарддæр кодтонцæ аллихузи программити уагæвæрдтæ æнхæст кæнунбæл архайд. Уотæ, зæгъæн, паддзахадон социалон агъази программæ «Мæгурдзийнади нихмæ тох»-и фæлгæти евгъуд анз сæрмагонд субсидитæ фæйнæ 250 мин сомей бæрцæ радех кодтонцæ 65 цубуркъох бийнонтемæн. Еци агъази фæрци адæм амалгъонадон куст кæнун райдæдтонцæ æма хедарунгъон фæцæнцæ.

Есиати Руслан куд фæббæрæг кодта, уотемæй, район аллихузон паддзахадон программити ке архайуй, уой фæрци хуæздæрæрдæмæ æййевуй социалон арæзт æма цалцæггонд æрцудæнцæ ахуради, æнæнездзийнади, культурæ æма спорти дæсгай объекттæ. Æма еци куст раидарддæр кæндзинан.

Профилон ведомствитæ æма муниципалитети косгутæ устур æргом æздахунцæ фиццаградон национ проектти уагæвæрдтæ æнхæст кæнунмæ дæр.

Уотæ, 2021 анзи кæронмæ национ проект «Демографи»-й фæлгæти скъолай агъоммæ ахуради æма гъомбæлади косæндæнттæ арæзт æрцæудзæнæнцæ Гизæли, Чермени, Дæллаг Саниба æма Нæуæггъæуи (алкæмидæр си уодзæнæй 120 бунати). Уомæй уæлдай Чермени гъæуама байгон уа, 360 бунати кæми уодзæнæй, уæхæн скъола дæр. Фæууунтæбæл æнцæ Æрхонки 1-аг скъола æма Курттати гъæуи спортивон залти цалцæггæнæн кустitæ дæр.

Фиццаградон национ проект «Културæ»-йи фæткæмæ гæсгæ ба бундорон æгъдауæй цалцæг кæнунцæ култури хæдзæрттæ Сунжæ æма Майскийи. Аци проекти фæлгæти 2022 анзмæ нисангонд цæуй Дæллаг Санибай култури Хæдзари арæзтадæ. Уомæй уæлдай ма, уæлæнхасæн мадзæлттæ арæзт æрцæудзæнæнцæ култури гъæуuон хæдзæртти материалон-техникон ефтонггадæ фæгъгъомусгиндæр кæнунæн.

Районi ахедгæ кустitæ конд æрцудæй национ проект «Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæ»-йи фæлгæти дæр. Михайловскийи æма Майскийи косун райдæдтонцæ нуриккон амбулаторитæ, фараст гъæуuон цæрæнбунатеми ба (Дæргъæвси, Дæллаг æма Уæллаг Санибай, Комгæрони, Хъæрмæдони, Алханчурти, Донгæрони, Зæронд Саниба æма Курттати) ба байгон æнцæ фельдшерон-акушерон пункттæ. Бундорон райарæзти фæсте нæуæгæй байгон æнцæ Æрхонки сæйгæдонæ æма Чермени гъæуи амбулатори дæр. Октябригъæуи поликлиники райарæзт ба идарддæр цæуй. Иннæ анзи ба нисан кæнунцæ Гизæл æма Ногири амбулаторитæ бундоронæй исцалцæг кæнун.

Районi ма куст цæуй æма цæудзæнæй æндæр лухкæнуйнаг фарстатæбæл дæр. Зæгъæн, муниципалон нæдти цалцæгæн 2021 анзи нисангонд цæуй 27 миллион сомей бæрцæ исхарз кæнун.

Районi райрæзти нури уæнгæ ци бантæстæй æма идарддæр ци нисантæбæл цæудзæнæй куст, уой фæдбæл дзубандийæн хатдзæгтæ кæнгæй, Тускъати Таймораз куд баханхæ кодта, уотемæй ами экономикон æма социалон-културон еугур къабæзти бæлвурдæй зиннунцæ хуæздæрæрдæмæ æййивддзийнæдтæ.

Уой фæрци ба гъомусгиндæр кæнуй ахуради, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, културæ æма иннæ къабæзти архайд. Уой хæццæ ба, баханхæ кодта:

– Æцæг, баргъондæрæй байархайун гъæуй, цæмæй эксплуатацимæ ци нæуæг социалон объекттæ лæвæрд цæуй (скъолатæ, сувæллæнтти рæвдауæндæнттæ, амбулаторитæ æма уотæ идарддæр), уони афойнадæбæл искосун кæнунæн гъæуама арæзт цæуа ахедгæ мадзæлттæ.

Æ радзубандий ма хуарзбæл банимадта, бюджетон политики къабази муниципалитети разамунд ци куст кæнуй, уой дæр. Раст зæгъгæй, уотæ дæр бафæдзахста, æма уæлæнхасæн мадзæлттæ аразун гъæуй, цæмæй районi бюджети æфтуйæггæгтæ никкидæр исирæзонцæ.

Тускъати Таймораз сæрмагонд æргом раздахта коронавируси пандемийи фудæй исæвзургæ эпидемиологон уавæрмæ дæр:

– Нерæнгæ ма уавæр зæрдæзæгъгæ нæй. Еци æууæл лæдæргæй, идарддæр дæр лæмбунæг æнхæст кæнун гъæуй санитарон-эпидемиологон цæстдарди еугур мадзæлттæ дæр, – бафеппайдта Хецауади Сæрдари ихæстæ рæсæтæгмæ æнхæстгæнæг.

**Новгороди къниаз Александр Ярослави фурт 781 анзей размæ (1240 анзи 28 июли) цæугæдон Невабæл ниддæрæн кодта швецаг æфсæдтæ, æма ‘й уой тухxæй исхудтонцæ Невскаг. Куд дзорунцæ, уотемæй, еци номдзуд адæймаг хæстæгдзийнадæ æййафта мах адæмæн.**

*Нади кæронбæл задæй æхсæрæ бæласæ, æма æ рæзти ка цудæй, етæ ин дортæй æ рæзæ цагътонцæ. Бæласæ, мæгур, еудадзуг нæтгæй дзурдта: «Уогæ ба ци 'намонд дæн! Алли анз мæхецæн æрзайун кæнун рист æма æлгъиститæ!..» Хуæрзгæнæг, дан, хуарз нæ ерuй.*



# АДГИН ДÆР ÆЙ ÆМА ПАЙДА ДÆР!..

***Аци афони, уæлдайдæр тæвдæ рæстæги, фулдæр хæттити зæрдæ байагоруй харбуз. Æ адгин донæй ком рауазал кæнунæй хуæздæр ма ци фæууй. Фал беретæ нæ зондзæнæнцæ еугуремæндæр уарзон æма алкæмæндæр зундгонд зайæгоймæ биологион цæстингасæй ку 'ркæсæн, уæд æй бахæссæн ке ес гагарæзи къæпхæнмæ. Æндæр дзурдтæй æй ку зæгъæн, уæд е æй халсарон гагарæзæ, уотемæй ба хауй насæнгæсти бийнонтæмæ.***

Гъе, уæхæн цæхгæрмæ хецæндзийнæдтæбæл ку нæ гъуди кæнæн, уæд харбуз адæймаги организмæн пайда ке 'й, е зундгонд æй хъæбæр рагæй. Æ нивтæ ин абони фæууинæн ес мисираг пирамидити фæрстæбæл. Аргъ кæмæн нæййес, уæхæн агъазиау халсартæбæл ба нимад цудæй Рагон Китайи. Уоми кæддæр бæрæг кодтонцæ «Харбузи бон» дæр. Уæрæсемæ ба кæрдæгхуз гъолон-молон «къубулойнæ» æрбафтудæй XVII æноси, æма зундгонд иссæй, куд æнахур дессаги адгин æма æнæнездзийнадæн пайдахæссæг културæ.

Æцæгæйдæр, организмæн пайда ке хæссуй, уобæл дзоруй харбузи химион исконд. Æ сурх фæлмæни берæ ес витаминтæ С æма РР, уæдта В къуари витаминтæ, каротин æма фолийи тауæгадæ.

Гъуддаг уотæ 'й, æма харбуз хуæрун агъаз кæнуй организм уæлдай уæзæй фæййервæзунæн. Æ æвæрццæг рахуæцæнтæ ба æнцæ цалдæр. Фиццагидæр ами ес донихупп тæрæн менеуæг. Æ фæрци адæймаги уæзæ еу-дууæ килограммей бæрцæ фæмминкъийдæр уй, организмæй уæлдай тæнгъæдтæ ке рацæуй, уой туххæй.

Дуккагæй, харбуз æнцонæй фесафуй стонги æнкъарæнтæ. Æ пайда ба уой медæгæ 'й, æма харбузи фæлмæни 100 грамми æдеугур ес 35 килокалорий – харбуз байдзаг кæнуй ахсæн æма адæймаг феронх уй е 'стонг. Уомæй уæлдай, минкъий ахедундзийнадæ нæййес аци халсарон гагарæзи адгин адæн дæр. Физиологион æртасæнтæ куд равдистонцæ, уотемæй адгиндзийнадæ хъæбæрдæр æвзурун кæнуй æфсæсти æнкъарæнтæ. Уомæ гæсгæ харбузи фæрци ахсæн фæккосуй рæуæгдæр уагæвæрди, адæймаг хуæруйнагбæл минкъийдæр фæгъгъуди кæнуй.

Куд загътан, уотемæй харбуз минкъий пайда нæ хæссуй организмæн. Е агъаз кæнуй зæрди тогдадзинтти æма ургти незти азарæй ци рæсудтитæ фæззиннуй бауæрбæл, уони дзæбæх кæнгæй дæр. Харбузи дон æй фруктозæ æвзурунгæнæг. Е сæкæрæй игъаугидæр тагъддæр батайуй организми.

Харбуз ма пайда æй уомæй дæр, æма клетчатки хæццæ е æлхъевун райдайуй ставд хæлори æма ратæруй холестерини уæлдæйттæ. Диетологти гъудимæ гæсгæ, суткæмæ харбузи фæлмæн хуæрæн ес 2,5 килограмми, фал уой кæнун гъæуй æмхузон – минкъий хæйттæй. Уæлдай хъæбæрдæр аци домæн æнхæст кæнун гъæуй, сæ ургти дортæ кæмæн ес, еци адæмæн. Уомæн æма иннетæй игъаугидæр уонæн харбуз фулдæр пайда хæссуй.

Уæхæн сæйгити организми донихуппи цæнхити æмвæзадæ харбузи бауæргъæдти æндæвдади фæрци уæлæмæ исхезуй, æма тайун райдайунцæ тæккæ устурдæр дортæ дæр. Харбузи дон æрдзон æгъдауæй зианхæссæг бауæргъæдтæ æндæмæ ратæруй игæрæй. Уомæ гæсгæ харбузи аци æгæрон пайдабæл æнæмæнгæ гъуди кæнун гъæуй, игæри хроникон незтæ дзæбæх кæнгæй, уæдта хуайраг адæймагæн ку нæ батайуй, еци рæстæги дæр. Аци адгин халсар хуæрун дохтиртæ фæййамонунцæ антибиотикон медицинон хуастæй дзæбæхкæнуни кусти фæсте дæр.

Раст ку зæгъæн, уæд харбузи фæлмæни буни ци хъæбæр цъарæ фæууй, мах алкæддæр гæлдзгæ ке фæккæнæн, уой дон никки хъазардæр æй сурх фæлмæни донæй, донихупп тæрæн менеугутæ имæ фулдæр ке ес, уой туххæй. Фæткъуй дони хæццæ исхæлæмулæ кæнгæй си ци ниуазуйнаг рауайуй, е берæ хæлардæр æма иуонгрæуæггæнæг дæр æй. Еудзурдæй, харбузи цъари ци бауæргъæдтæ ес, етæ дæр минкъийдæр пайда нæ 'нцæ организмæн, махмæ ба уотæ фæккæсуй, цума етæ нецæмæн гъæунцæ. Фал уæхæн ниуазуйнаг агувзи æмбесæй фулдæр еу хаттæн ниуазæн нæййес. Уомæн æма тæссаг æй донихупп тæрæн менеуæг æгæр хъаурæгин ку фæууа, уомæй.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, адгин харбуз практикон æгъдауæй пайда æй еугуремæн дæр. Фал æ берæ некæмæн бæззуй, уæлдайдæр ба сæкæри диабетæй сæйгитæн, сæ игæрти дортæ кæмæн ес, уæхæн адæмæн, дæлахсæнон незтæ кæмæ ес æма æндæртæн. Уомæй уæлдай зæрдæбæл дарун гъæуй, харбуз цæхгунти хæццæ ке нæ бæззуй, уой дæр. Уомæн æма цæнхæ тæнгъæдæ ниууорамуй организми, æма гæнæн ес, æ фæсте рæсудтитæ ку расайа, уомæй.

Кæронбæттæни ба мæ зæгъун фæндуй: гæнæн ку уа, уæд ци харбуз æлхæнайтæ, уой исбæрæг кæнетæ, нитраттæ си ес æви нæ. Етæ организммæ ку бахаунцæ, уæд зæрдæ фæххæссуй, губун фæддон уй, сауæнгæ ма уомун дæр фæццæуй. Кæд халсарти кæдзосдзийнадæ исбæрæг кæнун къохи нæ бафтуйа, уæддæр æй уæ бон æй балхæнун, æцæг уой уæ зæрдæбæл даретæ – харбузæн æ пайда æй æ хурфи фæлмæн, зианхæссæг нитраттæ ба бамбурд унцæ цъари.

***БЕСЛЕХЪОТИ Ирæ,***
***дохтир.***

**Калорийность** — 38 ккал
**Белок** — 0,7 г
**Жир** — 0,2 г
**Углеводы** — 10,9 г
**Клетчатка** — 0,5 г
**Пектин** — 0,6 г
**Зола** — 0,6 г

**Витамин А** — 0,1 мг
**Витамин С** — 7 мг
**Витамин РР** — 0,24 мг
**Витамин В1** — 0,04 мг
**Витамин В2** — 0,03 мг

**Фолиевая кислота** — 8 мкг
**Органические кислоты** — 0,12 г



**Железо** — 1000 мкг
**Йод** — 2 мкг
**Кобальт** — 2 мкг
**Марганец** — 35 мкг
**Медь** — 47 мкг
**Фтор** — 20 мкг
**Цинк** — 90 мкг

**Калий** — 64 мг
**Кальций** — 14 мг
**Магний** — 224 мг
**Натрий** — 16 мг
**Фосфор** — 7 мг

**Ликопин** — 2,5 мг
**Вода** — 89 г




Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1662.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 27.07.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**
**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**